



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY MIZAJOU SOU ENSANDI FORÈ KI AFEKTE ETA NOUYÒK

Gouvènè a anonse entèdiksyon pou boule nan tout eta a anvigè jiska 30 novanm akòz risk ogmantasyon ensandi

Ensandi Jennings Creek/Pak Eta Sterling ogmante nan gwoèsè pou pase a 2,023 ekta ki pwopaje atravè Nouyòk ak New Jersey

Pi gwo ensandi forè ki afekte Eta Nouyòk depi 2008

Eta te deplwaye resous pou reponn ak ensandi nan konte Orange ak Ulster, enkli kat elikoptè ki soti nan Lapolis Eta Nouyòk ak Gad Nasyonal la

Sèvis Meteyo Nasyonal la te pibliye avètisman Drapo Wouj pou Mid-Hudson, Vil Nouyòk, Long Island, Rejyon Kapital ak kèk pati nan rejyon Southern Tier ak Mohawk Valley jiska 6 p.m. madi

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te bay yon mizajou sou ensandi forè k ap boule atravè Eta Nouyòk epi li te deplwaye yon repons milti-ajans pou ensandi nan konte Orange ak Ulster an kowòdinasyon sere avèk depatman ponpye lokal yo ak premye sekouris yo. Ankèt ayeryen montre ensandi forè Jennings Creek/Pak Eta Sterling, ki nan Nouyòk ak New Jersey, kounye a anglobe 2,023 ekta tè, mwatye nan Nouyòk, epi li kontwole a 10 pousan nan tou de eta yo. Dife nan vil Denning, Konte Ulster kontwole a 95 pousan ki nan 630 255 ekta tè. Gouvènè Hochul te anonse tou yon entèdiksyon pou boule nan tout eta a ki anvigè jiska 30 novanm akòz yon risk ogmantasyon ensandi pandan Eta a ap kontinye fè eksperyans kondisyon sechrès.

"Mwen trè rekonesan anvè premye sekouris yo ak moun ki nan premye liy yo k ap travay san kanpe pou sispann pwopagasyon ensandi sa yo pou pwoteje Nouyòkè parèy yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan nou fè eksperyans kondisyon sechrès ak yon risk ogmantasyon ensandi atravè Eta a, kounye a se pa bon moman pou boule boukan deyò, epi mwen ankouraje tout moun pou yo konsidere avètisman nou yo pandan n ap kontinye pran prekosyon ki nesèsè yo pou kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite."

Pak Eta Jennings Creek/Sterling nan Konte Orange

Dife prensipal ki ko-lokalize nan Nouyòk ak New Jersey kounye a estime a 2,023 ekta tè, ki gen ladan 1,011 ekta tè sou bò Nouyòk, epi li kontwole a 10 pousan. Sa gen ladann sipèfisi ki ap boule aktivman ak sipèfisi ki deja boule. Trajikman, yon anplwaye Pak Eta Nouyòk te pèdi lavi lè li te reponn fas ak ensandi sa a. Yon dezyèm dife 17 ekta sitiye tou pre West Mombasha Road ak Appalachian Trail la epi yo kontwole li. Ofisyèl Nouyòk yo ap travay an kowòdinasyon sere ak ofisyèl New Jersey yo.

Lendi, 277 sekouris ijans, ki gen ladan ponpye ki soti nan 44 konpayi ki gen 230 pèsònèl; sis ajans fòs lòd ki gen 28 manm pèsònèl ak kat ekip EMS ak 19 pèsònèl, te reponn ak ensandi forè a. Sa gen ladan tou reprezantan Konte Orange, Sèvis Ponpye New Jersey, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Lapolis Eta Nouyòk, Depatman Transpò ak Pak Eta yo. Ekip yo te travay pandan lannwit lan pou elaji ak ranfòse liy ensandi ki egziste ant dife a ak zòn Pak Wah Ta Wah ak Pak Sylvan Park.

Gen kat elikoptè k ap reponn, enkli de ke polis Eta Nouyòk la ap opere. DMNA ap bay de elikoptè Blackhawk pou sipòte repons lan lendi anplis de elikoptè NYSP ki deja ap ede. De rezèwva elikoptè UH-60M Black Hawk yo ka pote 660 galon dlo. Lendi, elikoptè te lage plis pase 100 rezèwva dlo sou dife a.

Pa te gen okenn evakyasyon obligatwa, sepandan, pa prekosyon, yo te evakye 12 kay nan vil Warwick, Konte Orange volontèman. Dlo potab disponib pou piblik la nan 18 Church Street nan Village of Greenwood Hall

Ensandi Whitehouse

Ensandi ki nan Vil Denning, Konte Ulster kontwole a 95 pousan nan 225 ekta tè. Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (DEC) ap kowòdone repons lan. Douz gad te travay sou dife a ak kòmandman inifye Sant 911 Konte Sullivan ak Ulster ak depatman ponpye volontè yo. Ven depatman ponpye te bay plis pase 185 ponpye aparèy, soti nan anjen, kamyon sitèn, tankè, bouldozè ak UTV yo.

Aviyasyon DEP NYC ak aviyasyon Lapolis Eta Nouyòk te bay sipò nan vide dlo ak imaj ayeryen. De estrikti boule nan Konte Ulster, yon kay abandone ak yon depandans.

Soti 2007 rive 2023, Eta Nouyòk te gen yon mwayèn de 117 ensandi chak ane, ak yon mwayèn 566 ekta tè ki boule chak ane. Ensandi forè nan Pak Eta Forè Jennings Creek-Sterling nan Vil Warwick, Konte Orange ranplase kantite sipèfisi ki boule nan ensandi forè nan 14 nan 17 ane done ki disponib yo dapre Sant Ensandi Entè-ajans Nasyonal (National Interagency Fire Center, NIFC) nan Eta Nouyòk. An 2008, Ensandi Overlooks nan Vil Rochester, Konte Ulster te boule yon total 2,855 ekta tè. Pi gwo ensandi ki te fèt nan Eta Nouyòk se te Ensandi Adirondack an 1903, ki te dire sis semèn epi ki te boule yon zòn total ki mezire 24,281 ekta tè.

Repons Ajans Eta Nouyòk la

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal

- Anplis repons dirèk yo bay ensandi yo nan Hudson Valley, anplwaye yo asiyen pou veve ensandi ak devwa repons nan Long Island ak lòt kominote atravè Eta a

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo

- 14 anplwaye ki gen ladan manm Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC), Biwo Jesyon Ijans ak Biwo Kominikasyon Konpatib ak Ijans yo sou plas nan Konte Ulster.
- Manm Ekip Jesyon Ensidan yo nan GIS, lojistik ak finans
- Enjenyè kominikasyon
- Tou radyo pòtab
- Kamyon kominikasyon pa satelit ak ekipman adisyonèl
- Yon sit AT&T/FirstNet sou wou ki bay sèvis selilè ki gen ladan kapasite selilè 911
- 5 anplwaye Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi k ap travay nan Konte Orange
- Sant Operasyon Ponpye a ouvri
- Plan Mobilizasyon kont Ensandi ak Èd Mityèl NY te aktive pou ede Konte Orange

NYSP

- 2 elikoptè k ap vide dlo
- Dròn
- Ede anplwaye pòs kòmand yo kowòdone resous yo

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta Nouyòk

- 1 bouldozè ak operatè
- 5 ponpye nan zòn forè
- 1 gad forè Pak
- 1 ofisye enfòmasyon piblik
- 2 manadjè ijans rejyonal
- 1 SGT polis pak

DMNA

- 2 elikoptè Blackhawk Gad Nasyonal ak 8 manm ekipaj

DOT

- 4 bouldozè nan Konte Orange

Fason pou redwi ekspozisyon lafimen gen ladan:

- Fè atansyon ak lè ou a: Anvan ou ale travay, fè egzèsis, oswa anvan ou ale nan pak ak timoun yo, tcheke previzyon AQI epi ajiste aktivite deyò ou yo si move gen kalite lè. Planifye davans lè w enskri pou resevwa imèl alèt sou kalite lè.
- Rete andedan: Kenbe fenèt yo ak pòt yo fèmen pou kenbe lè andedan kay la pwòp. Si lafimen antre andedan, achte oswa fè pwòp filtè lè pòtab pa ou pou diminye patikil andedan kay la, oswa itilize filtè lè HEPA nan sistèm HVAC ou a.

- Mete yon mask: Si ou dwe soti deyò, yon mask N95 ke ou byen mete ka filtre gwo patikil lafimen, sa k ap diminye kantite PM ou respire.
- Ale dousman: Evite aktivite difisil deyò ki ka lakòz ou respire pi lou.
- Pwoteje moun ki pi vilnerab yo: Moun k ap okipe timoun yo, granmoun aje yo ak moun ki gen opresyon yo ta dwe sitou fè atansyon. Lè AQI a wo, asire w ke ou limite aktivite deyò yo pou kenbe yo an sekirite.
- Pran swen zanmi ki gen kat pat ou yo: Kenbe pwomnad deyò ak bèt kay ou a kout epi ki ba pou pwoteje yo kont menm iritasyon nen, je, gòj ak nan poumon ke moun fè eksperyans.
- Pou moun ki pase tan deyò, lè kalite lè a pa bon pou lasante, yo rekòmande mete yon mask ki byen adapte. Yon N95 oswa KN95 ap fonksyone pi byen. Gen plis enfòmasyon sou previzyon Kalite Lè Eta Nouyòk la ki disponib isit la. Pou w verifye kalite lè aktyèl lokal ou a, ale sou www.airnow.gov.

Eta Nouyòk te mete an aplikasyon yon entèdiksyon pou boule boukan nan tout eta a ki anvigè jiska 30 novanm akòz risk ogmantasyon Entèdiksyon boule boukan sa a entèdi pou yo kòmanse dife deyò nan tout eta a nan objektif pou elimine tout bwa ak debri, ansanm ak dife kan, dife lwazi ak dife ouvri yo itilize pou kwit manje. Yo pèmèt fwaye dife nan lakou ak dife kan ki genyen mwens pase twa pye nan wotè ak kat pye nan longè, lajè, oswa dyamèt, menm jan ak ti dife ki genyen pou kwit manje.

Dènye kondisyon sèk yo ap lakòz yon danje ensandi ki "Elve" pou Zòn Evalyasyon Danje Ensandi Hudson Valley, Catskills, Long Island, Upper Hudson Valley/Champlain ak St. Lawrence. Yon gwo danje ensandi vle di tout konbistib ki piti epi ki mouri yo pran limen fasil epi ensandi kòmanse fasilman nan pifò kòz, tankou bwousay ak kan dife san siveyans yo. [Kat sou danje ensandi](#) a disponib sou sitwèb DEC a. Rejyon nò yo te elve jodi a akòz rafal van yo prevwa ak imidite relatif ki pi ba yo prevwa pandan peryòd sèk pwolonje ki egziste deja. Nenpòt lapli remakab nan fen semèn nan pa te nan tout zòn nan. Pandan ke van yo prevwa kalme apre jodi a, kondisyon sèk yo prevwa kontinye jiskaske pwochen sistèm metewolojik yo ki prevwa rive pita nan semèn sa a.

Dife ka vin grav epi kontwole yo difisil sof si yo atake yo avèk siksè pandan yo piti. Pandan ke entèdiksyon boule nan tout eta a pa anvigè ankò, yo vrèman dekouraje boule tout bwa anba kondisyon aktyèl yo. Yo entèdi boule fatra oswa fèy yo pandan tout ane a nan Eta Nouyòk epi plizyè minisipalite gen entèdiksyon boule boukan ki anvigè kounye a. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo pa fè dife nan zòn sèk sa yo pou ede pwoteje kominote yo ak premye sekouris yo epi pou yo toujou tcheke si entèdiksyon boule boukan yo an plas nan minisipalite lokal pa yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)